



## Bèt ki monte soti nan tè-a

Genyen de **bèt** ki mansyone nan Bib la e ki misteryezman rete enkonni nan anvironnman kretyen yo. De bèt sa yo soufri tout kalite entèpretasyon nan dènye milènè sa yo; yo se: 1<sup>yèm</sup> bèt ki monte soti nan **lanmè-a**.

2<sup>yèm</sup> bèt ki monte soti nan **tè-a**.

Si ou ta vle gen plis enfòmasyon sou 1<sup>yè</sup> bèt la, tanpri refere'w ak mesaj # 6 la : ". Bèt ki monte soti nan lanmè a." Men jodi a mwen pral pale de dezyèm bèt la : "**bèt ki monte soti nan tè a**." Fason ki te pi fasil nan tan lontan pou moun te fè transpò machandiz yo se bato. Bato komèsyal sou lanmè se te premye e Jiska jounen jodi a yo se pi gwo mwayen ke lèzòm konnen pou fè komès ak echanj k'ap ankouraje richès. Pati Lès nan zòn Mediterane an se premye kote ki te devlope gwo komès maritim. Lavi Tir se vil ki te gen pi gwo relasyon komèsyal avèk tout abitan sou tè a. Atravè pò li yo, li te konn ap vann ak distribiye machandiz bay tout nasyon sou tè a. Wa peyi Tir lan te fyè anpil de reyalyasyon'l yo, li te santi'l tèlman opilan li te deklare ke'l se Bondye. Lavi wa Tir la, se yon reyalyite Bibliki ki te rakonte pa pwofèt Ezekeyèl. Annou li :

<sup>2</sup> ..., Pale ak prens peyi Tir la, men sa Senyè Bondye te di ; paske'w te leve kè'w, e'w te di, mwen se Bondye, mwen chita nan fotèy Bondye a, nan mitan lanmè yo ; mèzalò ou se yon lòm, ou pa Bondye, menm lè'w ta leve kè'w nan wotè kè Bondye.

<sup>3</sup> Tande, ou gen plis sajès pase Danyèl ; pa gen okenn sekre ke yo ka kache pou ou :

<sup>4</sup> Avèk sajès ou e bon jan konprann ou rive genyen anpil richès. Ou gen lò ak ajan nan trezò'w yo.

<sup>5</sup> Avèk anpil ladrès e avèk komès ou te ogmante richès ou yo, e kè'w te leve byen wo akòz de richès ou yo. [Ezekyèl 28 : 2-5](#)

Istwa wa peyi Tir la gen anpil mistè ki kache ladan li. Mistè sa yo revele kiyès ak kisa wa sa a reprezante: <sup>1</sup>è wa te deklare ke li se Bondye e menm leve kè'l nan menm wotè ak kè Bondye. Ezayi 14:14 di nou ke Lisifè te di ke l'ap vi-n menm jan ak Bondye Papa a. <sup>2</sup>è Ezekyèl 28: 13 rapòte ke wa Tir la te nan Jaden Edenn; e selon pawòl sen yo Andan ak Èv avèk Satan se yo ki te nan Jaden Edenn nan, e mwen si e sèten ke wa Tir la pa Andan e li paka Èv nonplis. <sup>3</sup>è Ezekyèl 27: 4 di nou ke wa peyi Tir la te gen teritwa pa'l yo nan mitan lanmè; menm jan avèk bèt ki monte soti nan lanmè a. Lisifè gen plan pou'l leve kè'l nan menm wotè ak kè Bondye; wa Tir la te leve kè'l nan menm wotè ak kè Bondye. Satan sou fòm yon sèpan te nan jaden Edenn nan; wa Tir la te nan jaden Edenn. Dragon an sou fòm bèt la te monte soti nan lanmè; wa Tir la gen teritwa pa'l yo nan mitan lanmè. Nan kondisyon sa a, lavi wa peyi Tir la se yon revelasyon ki demontre kijan dragon an pral maniganse pouwa'l yo pou'l ka non sèlman livre men tou fè distribisyon tout machandiz li yo toupatou sou tout tè a.

Moun k'ap fè biznis yo ranpli yon gwo bato komèsyal ak kagezon machandiz pou y'al vann ak komèsan nan lòt peyi; apre yo fi-n pase yon bann tan sou lanmè, yo rive sou tè ki gen gwo pò pou yo ka fè livrezon ak komèsan ki te kòmande an gwo, ki yo menm pral asire yon distribisyon bay ti komèsan ki pral vann an detay bay tout moun ki vle. Se konsa Satan gen yon kagezon manti k'ap transpòte pa bèt ki monte soti nan lanmè-a, lè bèt la rive sou pò a li pral livre manti'l yo an gwo bay bèt ki monte soti nan tè a, ki li menm pral asire yon distribisyon an detay de tout manti Satan yo bay tout moun ki vle. Tande byen menm jan lame pase sou lanmè pou'l anvayi yon peyi; se menm jan an tou ke manti Satan yo ap soti nan lanmè pou'l anvayi kè lòm nan sou tè a. Dyab la, sèpan an debake nan mitan Jaden Edenn ak yon kagezon manti pou'l vann bay Èv, Èv achte e li pote bay mari li Adan ki li menm aprouve acha a. Depi lè sa a, Adan ak Èv te posede yon biznis manti ke yo te pase bay pitit ak pitit pitit yo, ki fè ke jounen jodi a latè antye eritye de yon jenerasyon mantè. Bèt ki monte soti nan lanmè a senbolize espri Satan, espri manti yo; Bèt ki monte soti nan tè a senbolize espri Satan ki jwenn yon kò ki pou egzekite lòd li yo e distribiye manti'l yo nan kè tout moun ki abite tè a. Revelasyon 13 :11-12 demontre relasyon enti-m ki egziste ant premye ak dezyèm bèt la; Ann li:

<sup>11</sup> Apre sa, mwen te wè yon lòt bèt ki monte soti nan tè a; li te gen de kòn tankou yon mouton, e li te pale tankou yon dragon.

[Revelasyon13 :11](#)

Kòn te konn itilize nan tan pase pou avèti, rasanble, anonse elatriye... bèt ki monte soti nan tè a ap avèti e rasanble tout moun pou'l anonse yo yon nouvell, yon nouvell ki sonnen menm jan ak bon nouvell la men an reyalyite pawòl ki akonpanye nouvell sa yo se pawòl dragon an. Jan Bib la di'l la, li gen de kòn tankou mouton, men li te pale menmjan ak yon dragon. Satan, sèpan ansyen an se bèt ki pi mètdam nan savann nan. Li montre elèv li yo, ti dragon yo, kòman pou yo kamoufle kò yo tankou mouton pou'l ka kreye rout pou manti'l yo. Tande byen pa gen moun ki renmen manti, ou mèt di sa'w vle si yon moun vi-n kote'w li di'w monchè banm ba'w yon manti! otomatikman w'ap voye moun sa a anlè san'w pa atrap li. Bondye kreye nou pou nou pa alèz, pa konfòtab ak manti, Satan konn sa se sa'k fè li oblije maskarade pawòl dragon an ak de kòn mouton pou'l ka fè pawòl manti yo pase pou verite. Leve je'w gade



pou wè konbyen fo pastè ki jounen jodi-a ap preche pwosperite, genyen menm ki oze deklare ke yo pa pral nan syèl la razè. Pitit Bondye yo leve ! Pitit Bondye yo kanpe ! Pitit Bondye yo louvri je nou ! Sispann dòmi, reveye nou ! Anvan sèpan pike'n.

<sup>12</sup> ...Malè pou abitan latè yo ak lanmè yo ! paske dyab la desann ladan yo, li fache anpil, paske li konnen ke tan ki rete'l la kout anpil. Revelasyon 12 :12. Sou miray ou apiye pou pran souf la, sou ròch ou chita a se la sèpan an couche ! Revelasyon 13 : 12 di ke dezyèm bèt la

<sup>12</sup> ... te egzèse tout pouvwa premye bèt la devan li, e li koz latè ak tout moun ki abite ladan'l yo adore premye bèt, ke blese mòtèl la te geri a. Revelasyon 13 :12

Premye bèt la bay tout pouvwa'l yo ak dezyèm bèt la ki pral fè yon promosyon achane pou li. Promosyon sa yo pral lakoz ke kèlkeswa moun nan, piti kou gran, rich kou pòv, lib ou esklav tonbe anba gwo tantasyon k'ap kondwi ak adorasyon premye bèt ke blese mòtèl la te geri a. Blese mòtèl sa a fè eta de yon pakèt diferan entèpretasyon, sa ki pi mal ladan yo a t'a vle fè konprann ke dyab la gen pouvwa pou'l resisite, kòm kwa li te mouri e konsa li gen yon pouvwa ki egal ak pouvwa Bondye ki te resisite Jezi nan twazyèm jou a. Pou moun k'ap tan rezirèksyon tèt bèt lèse'm raple nou ke pawòl la di ke youn nan tèt bèt la te resevwa yon kou mòtèl, men li pa't janm mouri. Mwen pral eksplike konviksyon pa mwen sou revelasyon sa a, tandè'l analize li, jan Bib la di'l la, kenbe sa ki bon e jete sa ki pa bon yo. Fòm di nou an pasan ke mwen menm pèsònèlman, mwen t'a renmen ke chak pawòl ke nou tandè'm di e ki reveye yon dout lakay nou, ke nou priye sou li e mande Bondye pou'l revele verite ki ladan'l lan. Si aprè priyè ak meditasyon nou wè ke sa m'ap di yo pa gen okenn verite ladan yo, jete yo tou swit ; men pa kouri jete yo odepa paske nou ka riske jete trezò nan lanmè. Tande sa :

<sup>3</sup> E mwen wè youn nan tèt yo te blese pou'l mouri ; Men blese mòtèl la te geri : e lemonn antye t'ap mache dèyè bèt la pou y'adore'l. Revelasyon 13 :3

Kòm mwen te di nou nan mesaj presedan an, sèt tèt bèt la se direktè ak achitèk tout plan matyavelik Satan yo. Si Bondye pa't bay Satan limit li jouk jounen jodi a mwen menm avèk ou pa t'ap janm konn verite. Apre delij la, pou Satan te ka kontinye devlope plan rebelyon lan, li t'al enspire moun ki t'ap viv sou tè a. Nan tan sa a tout moun te pale yon sèl lang e yo tout t'ap viv nan yon sèl moso tè ki te rele Chenea. Annou al li yon vèsè nan liv Jenèz ki va revele bannou plan ke Satan te mete nan kè moun ki t'ap viv sou tè a nan epòk sa a :

<sup>1</sup> Tout moun sou latè te pale yon sèl lang, yo te gen menm pawòl.

<sup>2</sup> Kòm yo te dirije yo nan oryan, yo te jwenn yon plèn nan peyi Chenea, e yo te rete la.

<sup>3</sup> Youn di lòt: Vini! ann fè brik e ann kwit yo nan dife. Se konsa, brik yo te sèvi wòch, e asfat yo te sèvi siman.

<sup>4</sup> Yo di ankò: annou wè! Ann bati yon vil ak **yon chato kay byen wo ke anlè a va rive jouk nan syèl la**, e ann fè yon non pou tèt nou, konsa nou p'ap ka gaye toupatou sou tout tè a.

<sup>5</sup> Senyè a te desann pou l' wè vil la ansanm ak chato kay byen wo ke pitit lòm nan t'ap bati a.

<sup>6</sup> Epi Senyè a di: Men kounye a, yo fè yon sèl pèp e yo tout gen yon sèl lang, gade sa yo konmanse ap fè, kounye a pa gen anyen ki ka anpeche yo fè sa yo panse.

<sup>7</sup> Ann ale! N'ap desann, n'ap mele lang yo, konsa, youn p'ap ka konprann lòt.

<sup>8</sup> E Seyè a te gaye yo toupatou sou tout tè a; e yo te sispann bati vil la. Jenèz 11:1-8

Plan Satan pa janm chanje: Li te konvenk moun Chenea, e fè yo konprann ke si yo ini nan yon sèl ide yo ka monte nan syèl ak pouvwa pa yo, san ke yo pa pase pa Bondye. Cheneyen yo se te tout pèp sou tè a ki te dirije pa yon sèl wa, kite pale yon sèl lang, e ki gen yo menm enterè. Satan konnen ke wayom Bondye pral dirije pa yon sèl wa, k'ap gen yon sèl pèp, k'ap pale yon sèl lang e ki ap gen yon sèl enterè. Kòm imitatè, li pwofite moman kote tout pèp yo reyini an yon sèl, pou'l lanse yon masif plan atak kont Bondye ki nan syèl la. Lè Senyè a desann pou'l gade ekzekisyon plan Satan yo pa tout pèp ki sou tè a, li reyalize ke jan moun sa yo antann yo a, ke pa gen anyen ki kapab rete yo. Nan kondisyon Bondye te fè apèl a tout ansanm trinite a pou'l bay yon arè ak plan Satan yo; Li di yo: <sup>2</sup> Ann ale! N'ap desann, n'ap mele lang yo, konsa, youn p'ap ka konprann lòt. Konfisyon sa a reprezante kou mòtèl ke youn nan tèt Satan yo te pran an; sonje ke plan dyab la se nan sèt tèt li yo ke yo ye, Bondye te pouse youn nan tèt li yo yon pataswèl, ebyen ki te fè ke li te oblije al chèche swen, e se konsa ke pawòl la te revele bannou ke blese mòtèl la te rive jwenn gerizon. Nan kondisyon bèt la leve byen anfòm, e'l rekòmanse ak konstwiksyon yon tou de babèl ki pap fèt ak brik ak siman ankò men ki pral bati avèk tout pyès teknoloji ke nou konnen ki egziste jounen jodi a. Se bèt ki monte soti nan tè a ki pral mete plan-an an ekzekisyon: Bib la rapòte yon sèl aksyon ke dezyèm bèt la te fè ki pral deklannche kòmansman konstwiksyon nouvo tou de babèl sa a; annou li:



<sup>13</sup> E li te fè anpil gwo mirak, jiskaské'l fè dife soti nan syèl la desann sou tè a devan je tout moun. *Revelasyon 13 :13*

Dezyèm bèt la te gen pouvwa pou'l fè anpil gwo mirak, men pami tout mirak sa yo se yon sèl ladan yo ke pawòl la revele ; li di ke'l te fè dife soti nan syèl la desann sou tè a devan je tout moun. Sa vle di, tout moun te wè, tout moun te temwen de gwo kokenn chenn mirak sa a. Apot Pòl te pale de anpil gwo mirak ki gen pou fèt nan fen tan an tou, pa yon nonm ki rele **pitit pèdisyon an** nonm sa a se menm ak **antekris la** e li se tou senkant kòb ak degouden ak **bèt ki monte soti nan tè a**. Sa vle di **pitit pèdisyon an** ak **antekris la** ak **bèt ki monte soti nan tè a** se menm ke yo ye. Apot Pòl te revele bannou tout aksyon ki pral opere nan fen tan an pa sèvitè dyab la. Li di :  
<sup>2</sup> Pou'n pa kite bon sans nou sekwe, ni twouble, swa pa espri, oubyen pa pawòl, oubyen pa yon lèt ke nou swadizan ekri, tankou jou Senyè a rive deja. *2 Tesalonisyen 2 : 2*

Antekris pral simen twoub nan espri tout moun, avèk pawòl mètdam li yo, li pral fè tout moun konprann ke li se Bondye, ke li se Jezi ke nou tout t'ap tann nan. Se menm manti sa yo ke dezyèm bèt la te itilize, li te degize tèt li ak kòn mouton an pou'l te ka gen aparans Kris la, men li pale menm jan avèk yon dragon. Pale menm jan avèk yon dragon pa siyifi pale pou fè moun pè. Dragon an se papa manti, pawòl li se pawòl manti yo, se bèl diskou ak bèl mesaj dous k'ap pase ti plim nan zòrèy ou pou fè'w dòmi, konsa ou'a va kwè ke manti'l yo se verite ki swadizan sot nan Bondye, men an reyalyte yo se dife ki la pou boule nanm tout moun ki va kwè ke antekris la se Jezi-Kris li ye. Konprann ke antekris la ap vini anvan Kris la pou'l ka twonpe moun e fè tèt li pase pou Kris la. Se pa yon bagay k'ap fasil, paske manti se yon pawòl ki soupoudre ak verite. Men mwen garanti'w ke si'w rete akwoche ak verite Jezi-Kris yo tout manti Satan yo ap tonbe devan pye'w e w'ap mache sou tè sèpan an. Pou'n pa tonbe nan konfizyon Bib la revele bay tout moun ki renmen verite kisa k'ap rive anvan Kris la vini : Pòl ki te konnen s'ak pral pase yo, t'ap pale de retou Kris la ak kreyen tesalonik yo li di yo :

<sup>3</sup> Pa kite pèsòn twonpe nou pa nenpòt manyè : paske jou sa-a pap vini, tout otan **apostazi-a pa rive an premye**, e **nonm peche-a parèt, pitit pèdisyon an** ;

<sup>4</sup> Advèsè ki opoze e leve tèt li pi wo pase tout sa ki rele Bondye, oubyen ki adore ; konsa li menm kòm Bondye va chita nan tanp Bondye-a, montre ke li menm li se Bondye. *2 Tesalonisyen 2 : 3-4* Pòl avèti nou e di'n pou'n pran tèt nou lè'n tande moun ap pale de retou Jezi-Kris. Li di ke Senyè a pap vini tout otan de bagay ke'm pral di nou yo la a pa pase : **1) Apostazi a gen pou'l rive**

**2) Nonm peche-a ap vini, pitit pèdisyon an**

Apostazi se yon mouvman k'ap pouse kreyen pou yo abandone e renonse ak kwayans relijye yo. Sa pa vle di ke moun ap sispan al legliz, okontrè legliz yo ap chaje, men kreyen yo ap abandone verite a. Se kreyen yo menm k'ap pran desizyon yo ; nòmalman sou tantasyon Satan, men se kreyen k'ap akeyi ide sèpan an ak bra louvri menm jan Èv te fè'l la ; alòs ke Kris la te vini li menm pou'l te montre nou kijan pou nou reziste e chase tout ide ki soti nan dyab la. Men kreyen yo pito fèmen je yo ak bouch zòrèy yo pou yo ka fè sa ki fè yo plezi. Apot Pòl di ke <sup>3</sup>... l'ap rive yon tan kote lèzòm pap tolere doktri-n ki dwat ; men dapre pwòp anvì yo y'a va chwazi yon bann pwofesè, yo gen pikotman nan zòrèy yo ; <sup>4</sup> y'ap detounen zòrèy yo de verite a, e y'ap tounen dèyè fab. *2 Timote 4 :3-4*  
Kreyen yo akeyi ide Satan yo avèk kè kontan. Nonm peche a, pitit pèdisyon an, Advèsè ki opoze ak Bondye a, rantrè nan legliz e li deklare ke li se Bondye. Li pote bay legliz yo pwofesè ke yo te bezwen yo, pastè k'ap vi-n gwate zòrèy yo ak bèl pawòl, e fè yo konprann ke yo pa ka al nan syèl la razè, e tout kreyen ki nan asanble a di amèn! lè yo tout konnen ke Jezi te di Li menm nan Matye 6:19 pou'n pa ranmase trezò perisab ki sou tè a. Yo chwazi tande yon moun dapre tradisyon lèzòm, pandan y'ap meprize pawòl Senyè. Pa gen okenn diferans ant farizyen yo ak kreyen rebèl jodi yo, li Matye 15: 1-9 n'a wè sa m'ap di nou an.

Apot Pòl te revele ke Espri-Sen an te bare plan ki t'a pral pèmèt Satan devlope sistèm dyabolik li a anvan lè'l, baraj sa a se te yon kou mòtèl sou youn nan tèt bèt la. Men sa Pòl te di de baraj la :

<sup>5</sup> Nou pa sonje m'te di nou sa, lè m'te lakay nou an ? <sup>6</sup> Men kounye a nou konnen kisa ki kenbe'l, konsa l'ap tan lè pa'l la pou'l parèt.

<sup>7</sup> Paske mistè inikite a ap ajì déjà ; sèl sa ki rete la a se pou sa ki bare'l la soti sou rout li. *2 Tesalonisyen 2 : 5-7.*

Gen apeprè twasan zan de sa depi baraj la te leve ; tèt bèt la te geri, e'l te monte soti nan tè a pou'l te ka kòmanse egzekite plan'l yo. Kite'm bannou yon ide de plan premye bèt la, ki pral egzekite pa dezyèm bèt la :

Lè dezyèm bèt la te fi-n fè dife soti desann sou tè a devan je tout moun, moun yo te vi-n pèdi rezon, li pran tèt yo e fè yo fè yon imaj pou premye bèt la. Li anime imaj premye bèt la e li fè imaj la pale. Depi lè sa a, tout moun k'ap gade ak tande imaj la tonbe damou paske imaj la pale dous. Konsa dezyèm bèt rive konvenk tout moun ke imaj bèt la se yon bon bagay li ye, e piti kou gran, rich tankou pòv, esklav kou moun ki lib tounen elèv imaj bèt la, li montre yo kisa pou yo achte ak kisa pou yo vann. Se imaj la ki lakoz apostazi a, li anseye lanmou pou byen ki sou tè a odetriman de byen ki nan syèl la. Kèlkeswa moun ki pa tande ak gade imaj premye bèt la ap tonbe anba jijman lèzòm. Pou edifikasyon tout moun ki renmen verite, nan pwochen mesaj k'ap vini an, mwen va pale de **imaj bèt la**.